UDK: 81'373:811

# СОЦИАЛЛЫҚ ПРОЦЕССЛЕР СОЦИАЛЛЫҚ ФИЛОСОФИЯНЫҢ ИЗЕРТЛЕЎ ПРЕДМЕТИ СЫПАТЫНДА

***Алланазарова Бибиайша Жуманиязовна,***
***Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты изертлеўшиси***



https://orcid.org/0009-0004-93261652
**e-mail:**
allanazarova2024@mail.ru

# ИЖТИМОИЙ ЖАРАЁНЛАР ИЖТИМОИЙ ФАЛСАФАНИНГ ТАДҚИҚ ЭТИШ ПРЕДМЕТИ СИФАТИДА

***Алланазарова Бибиайша Жуманиязовна, Ажиниёз номидаги Нукус давлат педагогика институти тадқиқотчиси***

# SOCIAL PROCESSES AS A SUBJECT OF SOCIAL PHILOSOPHY RESEARCH

***Allanazarova Bibiaysha Jumaniyazovna,***
***Researcher of Nukus state pedagogical institute after Ajiniayz***

# СОЦИАЛЬНЫЕ ПРОЦЕССЫ КАК ПРЕДМЕТ ИССЛЕДОВАНИЯ СОЦИАЛЬНОЙ ФИЛОСОФИИ

***Алланазарова Бибиайша Жуманиязовна,***
***независимый исследователь Нукусского государственного педагогического института имени Ажинияза***

***Аннотация:*** *Социаллық процессте өзгериўшенлик ҳәм турақлылық, үзликлилик ҳәм үзликсизлик, сызықлылық ҳәм сызықлы емеслик диалектикалық тәризинде бирлеседи, сол себепли мәлим бир социаллық процессти анализ қылыў процессинде өзгерислердиң шәртлери, себеплери ҳәм бағдарын анықлаў, өзгерислердиң қурамлық бөлеклери ҳәм факторларын анықлаў керек. Бул өз гезегинде социаллық процесслер дүзилисин, динамикасын, нызамлықларын, функцияласыўын ҳәм раўажланыўын, оның типологиясын социал-философиялық изертлеўди талап етпекте. Оның ушын социаллық процесслерди изертлеўдиң теориялық-методологиялық жантасыўларын анықлаў талап етиледи. Бул мақалада социаллық процесслердиң мазмуны ҳәм мәниси, типологиясы ҳәм оның классификациясы социал-философиялық анализ етиледи.*

***Таяныш сөзлер:*** *социаллық процесс, өзгерис, трансформация, сызықлылық, сызықлы емеслик, социаллық процесслер типологиясы, социаллық процесслер динамикасы, руўхыйлық .*

***Аннотация:*** *Ижтимоий жараёнда ўзгарувчанлик ва барқарорлик, узлуклилик ва узлуксизлик, чизиқлилик ва ночизиқлилик диалектик тарзда бирлашади, шунинг учун маълум бир ижтимоий жараённи таҳлил қилиш жараёнида ўзгаришларнинг шартлари, сабаблари ва йўналишини аниқлаш, ўзгаришларнинг таркибий қисмлари ва омилларини аниқлаш керак. Бу ўз навбатида ижтимоий жараёнлар тузилишини, динамикасини, қонуниятларини, функционаллашуви ва ривожланишини, унинг типологиясини ижтимоий-фалсафий тадқиқ этишни тақозо этмоқда. Бунинг учун ижтимоий жараёнларни тадқиқ этишнинг назарий-методологик ёндашувларини аниқлаш талаб этилади. Ушбу мақолада ижтимоий жараёнларнинг мазмуни ва моҳияти, уларнинг типологияси ва таснифи ижтимоий-фалсафий таҳлил қилинган.*

***Калит сўзлар:*** *ижтимоий жараён, ўзгариш, трансформация, чизиқлилик, ночизиқлилик, ижтимоий.*

***Annotation:*** *In a social process, variability and stability, continuity and discontinuity, linearity and nonlinearity are dialectically combined, therefore, in the process of analyzing a certain social process, it is necessary to determine the conditions, causes and direction of changes. , identify components and factors of change. This, in turn, requires a socio-philosophical study of the structure, dynamics, patterns, functionalization and development of social processes, their typology. This, in turn, requires a socio-philosophical study of the structure, dynamics, patterns, functionalization and development of social processes, their typology. This, in turn, requires a socio-philosophical study of the structure, dynamics, patterns, functionalization and development of social processes, their typology. To do this, it is necessary to determine theoretical and methodological approaches to the study of social processes. This article provides a socio-philosophical analysis of the content and essence of social processes, their typology and classification.*

***Keywords:*** *social process, change, transformation, linearity, nonlinearity, typology of social processes, dynamics of social processes.*

***Аннотация:*** *В социальном процессе диалектическим образом сочетаются изменчивость и устойчивость, непрерывность и прерывность, линейность и нелинейность, поэтому в процессе анализа определенного социального процесса необходимо определять условия, причины и направление изменений, определить компоненты и факторы изменений. Это, в свою очередь, требует социально-философского исследования структуры, динамики, закономерностей, функционализации и развития социальных процессов, их типологии. Это, в свою очередь, требует социально-философского исследования структуры, динамики, закономерностей, функционализации и развития социальных процессов, их типологии. Для этого необходимо определить теоретико-методологические подходы к изучению социальных процессов. В данной статье социально-философски анализируются содержание и сущность социальных процессов, их типология и классификация.*

***Ключевые слова:*** *социальный процесс, изменение, трансформация, линейность, нелинейность, типология социальных процессов, динамика социальных процессов.*

**КИРИСИЎ (КИРИШ).** Ҳәзирги күнде социаллық турмыста жүз берип атырған қурамалы өзгерислерди дурыс талықлаўға жәрдем беретуғын методологиялық усылларды табыў актуал әҳмийетке ийе болып атыр. Ҳақиқатында да, ҳәзирги Жаңа Өзбекстандағы социаллық процесслердеги түпкиликли өзгерислер, ондағы динамизм, интенсивлик, қурамаласыў процесслери көринбекте. Бул өз гезегинде социаллық процесслер дүзилисин, динамикасын, нызамлықларын, функцияласыўын ҳәм раўажланыўын, оның типологиясын социал-философиялық изертлеўди талап етпекте. Оның ушын социаллық процесслерди изертлеўдиң теориялық-методологиялық жантасыўларын анықлаў талап етиледи.

Бул бизге не береди? Биринштен, социаллық раўажланыў динамикасын болжаў етиў, сол арқалы социаллық турақлы раўажланыў тенденцияларын аңлаў, екиншиден, социаллық процесслердеги анықлық ҳәм анықсызлық, сызықлылық ҳәм сызықлы емеслик, хаос ҳәм тәртип, турақлылық ҳәм турақсызлық қатнасларын билиўде зәрүрли әҳмийетке ийе.

Жаңа Өзбекстан - бул социаллық мәмлекетке тийкарланған жәмийет болып табылады. Президентимиз тәрепинен «Ҳәрекетлер стратегиясынан – Раўажланыў стратегиясына қарай» принципине тийкарланып 2022-2026-жылларға мөлшерленген Жаңа Өзбекстанның раўажланыў стратегиясы ислеп шығылған төмендеги жети тийкарғы бағдардан ибарат: инсан қәдирин көтериў ҳәм еркин пуқаралық жәмийетти буннан былай да раўажландырыў арқалы халықшыл мәмлекет қурыў; мәмлекетимизде әдиллик ҳәм нызам үстинлиги принциплерин раўажланыўдың ең тийкарғы ҳәм зәрүр шәртине айландырыў; миллий экономиканы жедел раўажландырыў ҳәм жоқары өсиў пәтлерин тәмийинлеў; әдил социаллық сиясат жүргизиў, инсан капиталын раўажландырыў; руўхый раўажланыўды тәмийинлеў ҳәм тараўды жаңа басқышқа алып шығыў; миллий мәплерден келип шыққан



TAMADDUN NURI

ҳалда улыўма инсаныйлық машқалаларға қатнас жасаў; мәмлекети-миз қәўипсизлиги ҳәм қорғаныў потенциалын күшейтиў, ашық-айдын, прагматикалық ҳәм жедел сыртқы сиясат алып барыў.

Өзбекстан Республикасы Президенти Шавкат Мирзиёевтиң лаўазымға кирисиў салтанатлы мәресимине бағышланған Олий Мажлис палаталарының қоспа мәжилисиндеги сөзинде “жаңа Өзбекстан раўажланыў стратегиясы миллий раўажланыўымыздың жаңа басқышын баслап беретуғынын атап өтиў керек. Биз буннан былай жумысларымызды «инсан-жәмийет-мәмлекет» деген жаңа принцип тийкарында шөлкемлестиремиз[1]-, деп мәмлекетмиздеги социаллық процесслер динамикасын түп-тийкарынан өзгериўин атап өтеди.

**АДЕБИЯТЛАР АНАЛИЗИ ҲӘМ МЕТОДЛАРЫ (АДАБИЁТЛАР ТАҲЛИЛИ ВА МЕТОДИ).** Мәмлекетмизде социаллық процесслер динамикасындағы түп өзгерислер тийкарын билиўимиз ушын, алдын социаллық процесс категориясының мәниси ҳәм мазмунын, оның структурасын ҳәм типологиясын ашып берейик.

Арнаўлы әдебиятларда социаллық процесс түсинигиниң дефиницияларын хәр кыйлы тәрийпленген. Мысалы, П. С. Сорокинниң пикирин-ше, “социаллық процесс - бул ҳәр қандай ҳәрекет, өзгерис, модификация, трансформация, алмасыў ямаса эволюция, қысқасы - мәлим бир ўақыт даўамында үйренилип атырған объектиң ҳәр қандай өзгериўи ўақыт, қәле ол кеңисликтеги орнының өзгериўи ямаса оның санлық ямаса сапа қәсийетлериниң өзгериўи”[2]. Бул анықламада автор социаллық процестиң 6 критериясын, яғный социаллық процесс - өзгерис сыпатында, ҳәрекет сыпатында, модификация сыпатында, трансформация сыпатында, алмасыў сыпатында ҳәм эволюция сыпатында алып қарайды.

Басқа бир әдебиятта усы тәрийптың модификацияланған формасы, “социаллық процесс - бул ўақыялар ағымы, модификациялар, трансформациялар, социал-мәдений өзгерислер, яғный ҳәр қандай түрдеги ҳәрекет, ҳәр қандай объект ямаса қубылыс жағдайының өзгериўи. Жәмийетте өзгерислерди келтирип шығаратуғын социаллық процесслерсиз социаллық система болмайды”[3],-деп келтириледи.

Социаллық процесслерди түсиниўде еки түрли, кең ҳәм тар мәнисте де түсиниў мүмкин. Кең мәнисте социаллық процесслер жәмийеттиң барлық системалары есапланған экономикалық, ҳуқықый, сиясий, социаллық ҳәм руўхый системаларды да өз ишине қамтыйды. Тар мәнисте болса тек жәмийеттиң социаллық тараўы процесслерин ғана қурайды.

Заманагөй социаллық реаллық көринисиниң қурамалласыўы, социаллық процесслер қурам дүзилиси де өзгериўи менен характерленеди.

Социал процесстиң дүзилис компонентлерине, социаллық процесслер субъекти (оның қатнасыўшылары), социаллық тәсир объекти, мазмуны, формасы, шәрт-шәраятлар, бағдары ҳәм көлемин анықлаў киреди.

Бириншиден, социаллық процесслер субъектлерине инсанлар, топарлар, шөлкемлер, бир пүтин жәмийет киреди. Екиншиден, социаллық процесстиң ҳарекет критериясы бойынша, социаллық система жағдайын өзгертиў ушын субъекттиң социаллық ҳәрекетлери топламын талап етеди. Үшиншиден, ҳәр қандай социаллық процесс мақсетке бағдарлан болады. Төртиншиден, социаллық процесслердиң өзгерисине тәсир етиўши факторлар болып, оларға тәбийий, демографиялық, мәдений өзгерислер, илимий-техникалық прогресс жәнe социаллық-сиясий себеплер менен белгиленеди. Бесиншиден, социаллық субъектлердиң социаллық объектке тәсиринде социаллық процесстиң нәтийжеси келип шығады.

**ДОДАЛАЎ (МУҲОКАМА).** Социаллық процесслер белгили нызамлықлар бойынша барады. Нызамлық - бул бир ямаса бир неше нызамлар ҳәрекетиниң көринетуғын болыўы, ол нызамға муўапықлық болып табылады. Нызамға муўапық ҳәрекет қылыў арқалы биз объектив нызамлар талапларын әмелге асырамыз. Социаллық процесслерде нызамлықлар (объектив нызамлықлар ҳәрекети) социаллық күшлердиң қарама-карсы раўажланыўы тенденция нәтийжеси ретинде көринетуғын болады. Социаллық процесстиң нызамлықлары төмендегилерден ибарат:

TAMADDUN NURI

Социаллық процессте хәрекеттиң бағдарланғанлығы хәм социаллық процесс халатларының бир халатдан басқа халатқа алмасыўы нызамы. Социаллық процесс хар дайым искерлиги белгили бир жөнелиске бағдарланғанлығы хәм мақсетке муўапықлығын аңлатады. Оның нәтийжесинде социаллық объекттиң жағдайы өзгерип отырады.

Социаллық процесслер басқышлары. Хәр бир социаллық процесс арнаўлы басқышларда раўажланады. Алдынғы басқышты тамамламастан, жуўмақлаўшы нәтийжеге ериспестен, кейинги басқышын баслай алмайды. Басқыш - бул процесстиң жаңа жағдайды қәлиплестириўши дәўири, фазасы, дәрежеси. Хәр бир басқыш тек өзине тән болған айрықша санлық айырмашылықларға, сапа тәрепинен жаңа жағдайға ийе.

Социаллық процесслердеги избе-излик. Бул социаллық процесстиң раўажланыўы басқышлары избе-излигин характеристикалайды. Оған дейин кейинги хәрекетлер ушын шәраятлар жаратылмағанша, алдынға шығалмаймыз. Процесстиң жүз бериў тәртибин өзгертиўи оның характерин өзгертиреди және оның нәтийжесине тәсир етеди.

Ҳақыйқатында да, социаллық процесслер өз мәнисине көре көп вариантлы, хәр хәрқыйлы бағдарланған өзгерислерден дүзиледи. Социаллық процесслерде зәрүрли хәм тосынарлы таңлаўлар да бар.

Социаллық процесслердиң нызамлықларын билиў нени береди? Бириншиден, социаллық турмыс мәнисти билиў, социаллық искерликте усы нызамлықларды есапқа алыў, сонда-ақ, социаллық процесслер бағдарына тәсир етиўге, социаллық процесслерди баҳалаўға жәрдем береди.

Социаллық процесслерди социаллық-философиялық тәреплерин үйренгенимизде, оның типологиясын хәм изертлеўди талап етеди. Себеби заманагөй реаллықта социалллық процесслер түрлериниң хәр қыйлығы, қурамаллығы артып бармақта.

Социаллық процесслерди классификациялаў ушын тийкарғы критериялар сыпатында: объект бойынша, тәртиплескенлик дәрежесине көре, даўам етиў ўақты бойынша, тәсир көлеми бойынша, ўақыя дәрежеси бойынша, субъект-объект қатнасы бойынша, басқарылыў бойынша, раўажланыўы бойынша, бағдары бойынша хәм т.б. критериялар бойынша классификациялаў мүмкин (1-сүўрет).

| **Социаллық процесслер классификациялаў белгилери (өлшемлери)** | **Социаллық процесстиң түрлери** |
|---|---|
| Объект бойынша | киши топар, үлкен топар, шөлкем, жәмийет, пүткил инсаният |
| Келип шығыў тараўлары бойынша | социаллық, экономикалық, руўхый, хуқықый, сиясий, педагогикалық, технологиялық хәм т.б. |
| Социаллық процесслер сапа өзгериўи интенсивлигине көре | эволюциялық хәм революциялық процесслер |
| Ўақыя дәрежеси бойынша | макро-, мезо- хәм микро процесслер |
| Тәртипке салыў дәрежеси бойынша | басқарылатуғын хәм басқарылмайтуғын |
| Келип шығыў механизимине көре | саналы хәм спонтан процесслер |
| Бағдары бойынша | прогрессив, регрессив |
| Даўам етиў ўақты бойынша | қысқа, узақ мүддетли, өте узақ мүддетли |
| Субъект-объект қатнасларына көре | тәбийий, социаллық, тәбиий-социаллық |
| Тәсир масштабы бойынша | локал, регионал хәм глобал |
| Улыўма тенденциясы бойынша | Сызықлы хәм сызықлы емес цикллық, спирал тәризли, ризоматик процесслер |

**(1-сүўрет. Соцаллық процесслер түрлери)**

Социаллық процессте өзгериўшенлик ҳәм турақлылық, үзликлилик ҳәм үзликсизлик диалектикалық тәризинде бирлеседи, сол себепли мәлим бир социаллық процессти анализ қылыў процессинде өзгерислердиң шәртлери, себеплери ҳәм бағдарын анықлаў, өзгерислердиң қурамлық бөлеклери ҳәм факторларын анықлаў керек.

Пикиримизше, Жаңа Өзбекстан қурыўда ҳәр қандай социаллық өзгерислердиң тийкарына руўхыйлықты, билим ҳәм илимди қойыў зәрүр. Имам Ғазалий пикиринше, «адам – периште ҳәм хайуан ортасындағы жанзат. Ҳайўан раўажланбайды, себеби оның кәмалат қуўаты жоқ. Периште де раўажланбайды, себеби оның өзи пәк, иләҳий нурдан ибарат. Тек инсанда раўажланыў, руўхый кәмалат қәсийети бар». Демек, руўхый кәмалат сезими адам болмысына ғана тийисли екен, оны ҳәр бир адам сезиўи ҳәм оған умытылып жасаўы керек. Руўхый кәмалатқа умытылған инсанда Ўатан сүйиўшилик сезими беккем болады.

Жаңа Өзбекстанды қурыўда социаллық өзгерислердиң тийкары сыпатында билим алып қаралса, социаллық процесслердиң өсиўи тенденциясы көринеди.

Мәмлекетимизде мектеп билимлендириўин түп-тийкарынан жақсылаў ҳәм оның сапасын арттырыў, муғаллимлерге мүнәсип шараят жаратыў бағдарындағы социаллық реформалар жедел даўам еттирилиўине айрықша итибар қаратылмақта.

Бу бағдарда Президентимиз «билимлендириўдиң сапасын түп-тийкарынан жақсылаў мақсетинде, бәринен бурын оқыў бағдарламалары, оқытыўшы ҳәм муғаллимлер ушын методикалық қолланбаларды халықаралық нормаларға бейимлестириў зәрүр. Балалардың аналитикалық ҳәм креативлик пикирлеў қәбилетин раўажландырыў ушын оларға мазмунлы ҳәм түсиникли сабақлықлар жаратыў зәрүр»[4], - деп алдымызда турған ўазыйпаларды белгилеп берди. Ҳақыйқатында да, кейинги ўақытлары айырым оқыў бағдарламалары, оқытыўшы ҳәм муғаллимлер ушын методикалық қолланбалар халықаралық нормаларға толық жуўап бермеслигин жасыра алмаймыз. Әсиресе, бундай ҳалат улыўма билим бериў мектеплеринде ғана емес, ҳәттеки жоқары оқыў орынларында да ушырасып атырғанлығы ашынарлы жағдай.

**НӘТИЙЖЕ (НАТИЖАЛАР).** Мектепте дүньяға көз-қарасы кең, билимли, креатив пикир жүритиўши талантлы оқыўшыларды таярлаў тек ғана оларға кең шәраятлар жаратып бериў менен өлшенбейди. Соның менен қатар сабақларды жоқары сапада өтиў, методикаға дыққат аударыўды талап етеди. Буған мысал сыпатында айтатуғын болсақ, 2019-жылда экономика бағдарында Нобель сыйлығын алған илимпазлар Майкл Кремер, Абхиджит Банерджи ҳәм Эстер Дюфлолар болып, олар жәҳәнде кәмбақаллықты анықлаў ҳәм оны қысқартыў бойынша алып барған көп жыллық искерликлери барысында мына сораўды қойған. Кәмбағал мәмлекетлерде оқып атырған оқыўшыларға бийпул түслик пайдалы ма ямаса оқыў қолланба ма? Алып барылған изертлеўлер ҳәм тәжирийбелер нәтийжесинде, бийпул түслик те, қосымша оқыў қолланба да оқыўшылардың сабақлардан жақсы өзлестириўине онша нәтийжели тәсир етпегенлигин анықлаған. Мектеплерди ҳәр қыйлы заманагөй оқыў қураллары, материаллық база менен тәмийинлеў, оларды қаржыландырыў, оқыўшыларды бийпул аўқат ҳәм кийим-кеншеклер менен тәмийинлеў сыяқлы илажлар «қумға суў сепкендей» жоқ болып кетер екен. Демек, оқыўшылардың билими ҳәм өзлестириў дәрежесине унамлы тәсир ететуғын факторлар сыпатында мектеплерде билим бериў сапасын арттырыў, оқыўшыларға индивидуал қатнас жасаў ҳәм де балаларды қыйнап келетуғын гижже кеселлигин жоқ етиў искерликлери менен байланыслы екенлиги анықланған. Жәҳән денсаўлықты сақлаў бирлеспесиниң тастыйықлаўынша, егер балаларды организминдеги паразитлерден азат етпегенше, балаларға қаншелли билим берсеңде, оның ақылый раўажланыўы кеңеймес екен[5].

**ЖУЎМАҚЛАЎ (ХУЛОСА).** Жуўмақластырып айтқанда, Жаңа Өзбекстанда әмелге асырылып атырған социаллық реформалар «инсан-жәмийет-мәмлекет» принципине тийкарланбақта. Ҳәзирги күнде социаллық процесслер динамикасы ҳәм сызықлы ҳәм сызықлы емеслик тенденциялары бирликте

көринбекте. Сызықлы емеслик социаллық раўажланыўда жаңа сапалық өзгерислерге тийкар болады. Буны биз жәмийетимизде болып атырған сапалы түп өзгерислер мысалында айқын көриўимизге болады.

## ПАЙДАЛАНҒАН АДЕБИЯТЛАР (АДЕБИЁТЛАР РЎЙХАТИ):


1. Жаңа Өзбекстан раўажланыў стратегиясы тийкарында демократиялық реформалар жолын исенимли даўам еттиремиз. Жаңадан сайланған Өзбекстан Республикасы Президенти Шавкат Мирзиёевтиң лаўазымға кирисиў салтанатлы мәресимине бағышланған Олий Мажлис палаталарының қоспа мәжилисиндеги сөзи.
2. Сорокин П. А. Социальная и культурная динамика: исследование изменений в больших системах искусства, истины, этики, права и общественных отношений / Ин-т социологии РАН ; Междунар. ин-т Н.Кондратьева ; пер. с англ. В. В. Сапова. – СПб. : РХГИ, 2000. – С. 80.
3. Методология научных исследований. Терминологический словарь. Харьков. Изд-во НУА 2016.
4. Өзбекстан Республикасы Президенти Шавкат Мирзиёевтиң Олий Мажилисине Муражатнамасы. 2020 ж.
5. Еркин Қарақалпақстан газетасы. 2021 жыл.


TAMADDUN NURI